

# Pi Gwo Pwomès La



**Ti liv sa pale de pi gwo  
pwomès ki te janm fèt...  
epi kisa Bondye te fè pou  
Li te Kapab kenbe pwomès sa.**

## **Bondye renmen ou epi Li kenbe pwomès Li.**

Depi lhè Bondye te kreye le mond,  
Li pwomèt ke l'ap renmen epi pran  
swen moun ki nan lemonn.

Pafwa lèzòm pa kenbe pwomès yo...  
men lhè Bondye fè yon pwomès,  
Li kenbe li!



## Lèzòm pa kenbe pwomès yo paske yo fè bagay ki mal:

- Yo bliye Bondye.
- Yo dezobeyi Bondye.
- Yo fè yonn lòt lapenn.

Bondye di konsa ke pinisyon nou pou mal sa yo se ke nou pa kapab viv avèk Li.

**Peche:** Sa se mo ki nan Bib la ki vle di bagay ke nou panse, ke nou di ou byen ke nou fè ke Bondye di nou piga nou fè sa.

"Tout moun fè peche;  
yo tout vire do bay  
Bondye ki gen pouvwa a."  
(Ròm 3:23)



## Bondye kenbe pwomès Li paske li voye Jezi.

Bondye pa janm pa kenbe pwomès Li ke li renmen lezòm. Li renmen lezòm si tèlman ke Li voye Pitit Li Jezi pou viv avèk lezòm epi pou ka montre lanmou Bondye.

Jezi te vini kòm yon ti bebe,  
epi sèlman enpe moun te  
konnen kilès Li te ye...  
**Sèl Pitit Bondye-a,  
Sovè an.**

**Sovè:** Jezi, sèl moun ki kapab sove epi sekouri lòt moun de tout move bagay ke yo panse, ke yo pale, epi ke yo fè: peche yo.

“Men ki jan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l' te ka ban nou lavi.” (1 Jan 4:9)





Jezi grandi epi li vin yon òm.  
Li te pale tout moun  
Li te rankontre de Bondye, papa Li.

Jezi pale moun yo de pwomès Bondye ke li renmen yo.

Jezi montre moun yo ki  
jan pou yo renmen Bondye epi ki  
jan pou yo renmen youn lòt.

**Epi Li te toujou gen  
tan pou timoun yo!**

*"Men, Jezi rele timoun yo vin  
jwenn li, li di: 'Kite timoun yo  
vin jwenn mwen. Pa anpeche  
yo vini.'" (Lik 18:16)*



Men anpil nan moun yo pa t' renmen Bondye,  
alò yo te touye Jezi.

Jezi kite yo fè Li bagay sa yo paske  
li t'ap pran pinisyon pou tout bagay  
ki mal ke tout moun sou latè te konn fè.

## Jezi mouri.

Jezi mouri pou tout moun—  
moun tankou ou menm avèk mwen—  
kapab jwen padon pou sa yo fè ki mal epi pou yo  
kapab viv kòm zanmi Bondye koulye-a  
e pou toutan ki p'ap janm fini.

## Jezi mouri pou ou paske Li renmen ou.

**Padone:** Se chwa pou ekskize ou byen  
pou mete sou kote pinisyon pou move panse,  
pawòl ou byen aksyon.

**Konfyans:** Se lhè ou depann de, ou byen lhè  
ou sèten de yon bagay; ou aji selon sa ke ou kwè.

“Paske, Bondye sitèlman  
renmen lèzòm li bay sèl  
Pitit li a pou yo. Tout moun  
ki va mete konfyans yo  
nan li p'ap pedi lavi yo.  
Okontrè y'a gen lavi ki  
p'ap janm fini an.”  
(Jan 3:16)



Pwomès Bondye-a pa t' fini lhè Jezi te mouri.  
**Pi bon pati-a pa t' kò vini!**

Bondye rebay Jezi lavi ankò.  
Anpil moun wè Li epi yo pale avèk Li.

## **Jezi retounen ap viv ankò**

Pou montre ke Li se Bondye.  
Li gen pouvwa pou ede ou  
sispann fè sa ki mal epi  
pou viv jan Bondye vle  
pou ou viv.

*"Mwen menm, mwen vin pou  
moun ka gen lavi, epi pou yo  
genyen l' an kantite."  
(Jan 10:10)*



Jezi retounen vin Bondye ankò.

Avan Li pati, Li fè lòt pwomès ankò...

- Jezi pwomèt ke l'ap avèk ou, menm si ou paka wè Li.
- Jezi pwomèt ke l'ap zanmi ki pi pwòch ou ka genyen.
- Jezi pwomèt pou li padone ou pou tout bagay ki mal ke ou fè.
- Jezi pwomèt pou li viv andedan ou ...kote ke ou renmen epi ke ou santi lapèn ...kote ou santi lajwa ak tristès.
- Jezi pwomèt ke lhè ou mouri ou kapab viv avèk Li pou toutan ki gen tan.

Eske ou pa ta renmen mande Jezi pou li avèk ou epi nan ou koulye-a?

*"Mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."  
(Matye 28:20)*

*"Mwen p'ap janm vire do ba ou."  
(Ebre 13:5)*





## Pale avèk Bondye...

Sèvi ak pwòp pawòl pa ou, ou byen fè yon priyè tankou priyè sa:

“Chè Bondye, mwen kwè ke Jezi se Pitit ou. Mèsi deske Jezi te mouri sou kwa-a pou bagay ki mal ke mwen fè. Tanpri padone sa mwen fè ki mal.

Mwen mande pou Jezi vini avèk mwen epi nan mwen pou toutan.

Ede mwen pou mwen vin jan de moun ou vle-a. Mèsi deske ou reponn priyè mwen.”

**Eske ou ta renmen di priyè sa koulye-a?**

Fè pwomès Bondye konfyans ke Li renmen ou epi ke Jezi ap avèk ou.

---

**Priyè:** Se lhè ou Pale ak Bondye, swa an silans ou byen awot vwa.

“Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.”  
(Jan 1:12)



Lhè ou mande Bondye pou l' padone ou e  
 lhè ou envite Jezi pou vini avèk ou...  
**Li vrèman avèk ou e nan ou**  
 –Koulye-a e pou toutan.

Ou pa kapab wè Li, e li posib  
 ke ou pa santi anyen ki diferan nan ou.  
 Men Jezi la avèk ou!  
 Li pwomèt ke l'ap avèk ou...  
 e Li toujou kenbe pwomès Li.

Chak Jou, remesye Jezi paske  
 li avèk ou, e paske l'ap ede  
 ou nan mach ou avèk Li.

**Lafwa** se lhè ou kwè yon bagay ke ou  
 pa kapab konprann; se lhè ou gen  
 konfyans nan pwomès Bondye yo...  
 e nan Pitit Bondye-a...kelkanswa jan  
 ou santi ou.

*"Se paske nou gen  
 konfyans nan Jezikri  
 kifè nou se pitit Bondye."  
 (Galasi 3:26)*



Menm lhè ou mande Jezi pou li mache avèk ou,  
 ou ka petèt fè yon pwochen ou mal,  
 ou byen ou ka bay yon manti,  
 ou byen ou dezobeyi,  
 ou byen ou kapab petèt fè lide moun ki egoyis.

Nenpòt lhè ou fè yon bagay ke ou konnen ki mal,  
 pale ak Bondye.

Metè ou dakò ansanm avèk Li ke sa ou te panse-a,  
 sa ou te di-a, se pa sa Li te vle ou fè.

Remèsye Bondye  
 paske li padone ou.

**Konfese:** Se lhè ou di la verite sou Ki moun  
 Bondye ye; Se lhè ou di Bondye ke ou dakò  
 avèk Li ke sa ou te panse-a, sa ou te  
 di-a ou byen sa ou te fè-a se pa sa Li vle.

"Men, si nou rekonèt devan  
 Bondye nou fè peche, nou  
 mèt gen konfyans nan li.  
 Paske l'ap fè sak gen pou fèt  
 la: la padonnen tout peche  
 nou yo, la netwaye nou anba  
 tou sa ki mal." (1 Jan 1:9)

**Bondye fè anpil lòt bèl pwomès.  
Li pwomèt ke l'ap ede ou grandi nan vi  
ou fèk ap kòmanse avèk Jezi-a.**



Ou kapab kòmanse rekonèt pwomès Bondye yo...  
 ...lhè ou li vèsè ki nan Bib la nan liv sa.  
 ...lhè ou ale kote ke moun ap anseye sou Jezi.  
 ...lhè ou pale avèk Li chak jou.

Ou kapab di fanmi ou avèk zanmi ou  
 kisa ou aprann de Jezi.

Ou kapab li liv sa pou yo epi ede  
 yo mande Bondye padone yo.

Avèk èd ou yo ka  
 mande Jezi pou li  
 vin avèk yo e nan yo.


Epi toujou,  
**Fè pwomès Bondye**  
**Konfyans...**  
**Li fè sa Li di.**

**Pwomès mwen...**

Jodi-a, lhè mwen te mande li, Bondye te  
 padone mwen pou bagay ki mal ki te nan  
 panse mwen, ke mwen te di e ke mwen te fè.  
 Koulye-a, Jezi avèk mwen e li nan mwen.  
 Mwen vle tounen jan de moun ke Bondye vle  
 mwen ye-a. Mwen vle grandi nan lanmou  
 pou Bondye ak lòt moun.

Non mwen: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_



Written by Vernie Schorr

CREOLE

©1990 The JESUS Film Project

Reprinted by Foursquare Missions Press with permission.

Bible Verses in this book worded for ease of understanding.

Pictures in this booklet used by permission of The JESUS Film Project and taken from "JESUS," a 2-hour film on the life of Christ. For more information on "The Story of Jesus for Children" video or additional material, contact: The Story of Jesus for Children, 910 Calle Negocio, Ste. 160, San Clemente, CA 92673, USA, 1-800-432-1997, [www.jesusforchildren.org](http://www.jesusforchildren.org)